



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 3/10/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**NY GOUVÈNÈ CUOMO, VT GOUVÈNÈ SHUMLIN AK NH GOUVÈNÈ HASSAN  
ANKOURAJE AJANS PWOTEKSYON ANVIWONMAN NOU YO POU REVIZE EPI  
PIBLIYE YON NOUVO GID PFOA POU DLO POTAB KI SAN DANJE**

***Gouvènè yo mande tou pou pwogram finansman federal konplè pou sipòte  
investisman eta nan renovasyon modèn ak dlo potab ki san danje***

***Gouvènè yo a Administratè EPA McCarthy: “Kontaminasyon PFOA se pa yon  
pwoblèm eta oswa yon pwoblèm rejyonal – li se yon pwoblèm nasyonal ki mande  
gid federal ak yon apwòch konsistan ki baze sou syans.”***

Jodia, Gouvènè Andrew M. Cuomo New York, Gouvènè Peter Shumlin Vermont, ak Gouvènè Maggie Hassan nan New Hampshire ofisyèlman te mande Ajans Pwoteksyon Anviwonman peyi Etazini pou fè yon revizyon sou pi bon syans ki disponib osijè asid pèfliyoroctanoyik (PFOA), nan fason pou evalye epi asire sekirite dlo potab la ki ekspoze a kontaminan. Anplis, Gouvènè yo te mande pou finansman federal konplè nan Fon Renouvlab Dlo Potab Eta ak Fon Renouvlab Dlo Pwòp, sa ki se zouti enpòtan pou sipòte efò eta pou renove enfrastrikti dlo potab.

Ou ka wè demann sa yo, ki te fèt nan yon lèt ki te adrese a Administratè EPA Gina McCarthy, [la](#). Tèks lèt la disponib tou anba:

*Chè Administratè McCarthy,*

*Nou ekri kòm Gouvènè kote eta nou yo nan yon pwoblèm pou adrese kontaminasyon dlo potab lokal sa ki gen ladan enplikasyon pwodui chimik federal asid pèfliyoroctanoyik (PFOA) ki derègleman. Nou gen anpil enkyetid pou sante ak byennèt kominote nou yo kap fè fas avèk kontaminan sa a. Nan New York ak New Hampshire, tès yo te endike prezans pwodui chimik sa nan sistèm dlo potab piblik yo, e nan New York ak Vermont yo te detekte pwodui chimik la nan plizyè pwi prive. “Kontaminasyon PFOA se pa yon pwoblèm eta oswa yon pwoblèm rejyonal – li se yon pwoblèm nasyonal ki mande gid federal ak yon apwòch konsistan ki baze sou syans.*

*Konseye sante PFOA EPA pa twò lontan de sa te diminye nan yon vilaj nan New York pa Biwo Rejyonal EPA, byenke konsèy siperyè a rete nan rès peyi a. Nou ankouraje EPA, anba direksyon w, pou egzamine rapidman pi bon syans ki disponib sou kontaminan sa, epi bay oryantasyon inifòm pou eta yo ke ofisyèl sante ak anviwonman nou yo ka itilize pou evalye sekirite dlo potab nou yo. Anplis, nap chèche èd ak sipò*

*pou tès dlo potab adisyonèl ak analiz nan kominote yo ki ekspoze a PFOA.*

*Nou se egalman gwo sipòtè pou finansman federal konplè pou enfrastrikti dlo. Fon Renouvlab Dlo Potab Eta se yon zouti enpòtan pou eta yo invest nan renovasyon dlo potab ki san danje. Malerezman, pandan sizan ki sot pase yo finansman pou pwogram sa, ansanm avèk konpayon li nan Fon Renouvlab pou Dlo Pwòp, te stab oswa diminye. Sa a vini menm tankou jan Sosyete Ameriken Enjenyè Sivil te fè remake gwo eka ki genyen ant bezwen enfrastrikti dlo nou an ak investisman nou. Nou ta dwe invest plis nan alafwa Fon Renouvlab Dlo Potab Eta ak Fon Renouvlab Dlo Pwòp, e nap rete tann pou n travay avèk ou pou fè sa reyalize.*

*Nou mande avèk respè atansyon pèsònèl ou nan difikilte ke kontaminasyon PFOA te kreye nan eta nou yo. Konsistans, presizyon, ak inifòmite enpòtan anpil. Nap rete tann repons ak asistans ou pandanke nap travay pou idantifye polyan ki responsab pou kontaminasyon sa, epi kenbe yo responsab pou aksyon yo. Li pa akseptab pou nou ke okenn kominote ta dwe gen enkyetid sou sekirite dlo potab yo. Fanmi yo ki nan eta nou an gen enkyetid sou konsekans sante trajik akout ak alontèm, pa menm mansyone pèt nan valè pwopriyete pou kay yo ki lokalize nan zòn ki afekte yo. Sa te priyorite nou pou asire ke rezidan yo jwenn dlo pwòp ak ansekirite touswit, ak pou modènize enfrastrikti nou an pou elimine preyokipasyon sa yo nan lavni.*

*Mèsi,*

*###*

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
New York State | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418